**दिन–मंगलवार** **दिनांक–09.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्य सरकार तीन नव विभाग– युवा, रोजगार आओर कौशल विकास विभाग, उच्च शिक्षा आओर नागर विमानन विभागक सृजन के स्वकृति दऽ देलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्यमंत्रिमडलक बैसार मे एहि प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। बैसारक बाद कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव अरविन्द कुमार चौधरी जनौलनि जे मंत्रिमंडल श्रम संसाधन विभागक नाम बदलि कऽ– श्रम संसाधन आओर प्रवासी श्रमिक कल्याण विभाग आ कला संस्कृति आओर युवा विभागक नाम बदलि कऽ कला आओर संस्कृति विभाग करबाक प्रस्ताव के सेहो स्वीकृति देल गेल। श्री चौधरी जनौलनि जे मंत्रिमंडल सूक्ष्म, लघु आओर मध्यम उद्यम निदेशालय आओर बिहार विपणन प्रोत्साहन निगम सृजित करबाक प्रस्ताव के सेहो स्वीकृति देल गेल। एम्हर, कैबिनेट सरकारी कर्मचारी सभक मंहगाई भत्ता आओर पेंशनभागी सभ के राहत भत्ता मे पांच प्रतिशत बढ़ेबाक प्रस्ताव के सेहो स्वीकृति देल गेल अछि। बढ़ल दर एक जूलाई दू हजार पच्चीसक असरि सँ लागू होयत।

---

अपर मुख्य सचिव जनौलनि जे कैबिनेट ऑपरेशन सिंदूरक बिच शहिद भेल बीएसएफ सब–इंस्पेक्टर मोहम्मद इम्तियाजक बेटा के सरकारी नोकरी देबाक प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। संगहि, मंत्रिमंडल युवा सभ के कौशल विकास लेल विद्यार्थी कौशल कार्यक्रम चलेबाक निर्णय कयलक अछि। कैबिनेट आइ उनैस प्रस्ताव के स्वीकृति देलक अछि।

---

राज्यसभा मे राष्ट्रीय गीत वंदे मातरम के एक सय पचास बरख पूरा भेला पर चर्चा जारी अछि। चर्चा मे भाग लैत गृह मंत्री अमित शाह जनौलनि जे आबयवला पीढ़ी के वंदे मातरम गीतक महत्व आओर आजादीक लड़ाई मे एकर योगदान के जनेबाक लेल ई चर्चा जरूरी अछि। ओ जनौलनि जे ई गीत राष्ट्रीय एकता आओर सांस्कृतिक गौरवक संदेश देलक अछि। श्री शाह मुद्दा सँ ध्यान भेटकेबाक लेल ई गीत पर चर्चा करेबाक विपक्षक आरोप के खारिज कऽ देलनि। गृह मंत्री आरोप लागौलनि जे कांग्रेस वंदे मातरम गीत पर चर्चा टालय चाहैत छल। ओ जनौलनि जे गीतक शताब्दी बरख सामारोहक काल पूरा देश आपातकाल सँ जूझि रहल छल आओर संविधानक गर्दनि घोंटल गेल छल। श्री शाह जनौलनि जे वंदे

मातरम पर चर्चा करेबाक जरूरत सदिखन रहत। एम्हर, लोकसभा मे आइ चुनाव सुधार पर चर्चा भऽ रहल अछि।

———————————————————————

केन्द्र सरकार जनौलक अछि जे ओ वामपंथ उग्रवाद के बर्दास्त नहि करबाक नीति अपनौलक अछि आओर अगिला बरख मार्च धरि एहि के समाप्त करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। लोकसभा मे प्रश्नकालक बिच पूरक प्रश्नक उत्तर मे गृहराज्य मंत्री नित्यानंद राय जनौलनि जे केन्द्रसरकार ई समस्या के समाप्त करबाक लेल राज्य सरकारक संग मिली कऽ काज कऽ रहल अछि।

———————————————————————

राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन–एनडीए संसदीय दलक बैसक आइ नव दिल्लीक संसद भवन परिसर मे भेल। बैसार मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, गृहमंत्री अमित शाह, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह, भाजपा अध्यक्ष जे.पी.नड्डा, जदयू सांसद संजय झा, राष्ट्रीय लोक मोर्चा प्रमुख उपेन्द्र कुशवाहा, राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टी सांसद प्रफुल्ल पटेल आओर आनोआन एनडीए सांसद सभ छलाह। बैसारक बिच बिहार विधानसभा चुनाव मे गठबंधनक जीत लेल एनडीए सांसद सभ प्रधानमंत्री मोदी के बाधाई देलनि। बैसारक बाद पत्रकार सभ सँ गपशप करैत संसदीय कार्यमंत्री किरेन रिजिजू जनौलनि जे प्रधानमंत्री एनडीए नेता सभ सँ देशक विकास लेल आओरो बेसी गति सँ काज करबाक लेल जनौलनि। श्री रिजिजू जनौलनि जे प्रधानमंत्री लोक सभक जीवन के आसान–सरल बनेबाक लेल सभ क्षेत्र मे सुधार करबा पर जोर देलनि। ओ जनौलनि जे प्रधानमंत्री मोदी सांसद सभ सँ युवा लोकनि सँ जुड़बाक सेहो आग्रह कयलनि।

———————————————————————

केन्द्र सरकार काला बाजारी, जामखोरी आओर गुणवत्ता उल्लंघन पर देश भरि मे कयल गेल कार्रवाई मे सात मासक बीच खाद डीलर सभ के बारह हजार आठ सय चौदह कारण बताओ नोटिस जारी कयल गेल अछि। राज्यसभा मे प्रश्नकालक बिच केन्द्रीय रासायनिक आओर उर्वरक मंत्री जे.पी.नड्डा ई जनतब देलनि।

———————————————————————

उप–मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा बाऊल माफिया सभक खिलाफ कार्रवाइक गति बढ़ेबाक लेल जनौलनि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री सिन्हा जनौलनि जे कतेको ठाम थाना प्रभारीक मिलीभगत सँ बाउल तस्करीक शिकायत भेटि रहल अछि। दोषी पाओल गेला पर ऐहेन अधिकारी सभ सँ स्पष्टीकरण मांगल जायत आओर हुनका सभ पर विधिसम्मत कार्रवाई कयल जायत। श्री सिन्हा जनौलनि जे जे किओ व्यक्ति अवैध बाउलक कारोबारक जनतब देत हुनक नाम आओर पहिचान गुप्त राखैत दस हजार टाकाक ईनाम देल जायत। ओ जनौलनि जे कोनो व्यक्ति अपन जमीन सँ माटि अपन काज लेल लऽ जायत छथि तऽ ओ एहि लेल स्वतंत्र छथि। श्री सिन्हा जनौलनि जे राज्य मे वृहद खनन अभियान शुरू होयत जाहि सँ रोजगार नव मौका बनत।

———————————————————————

पछिया हवाक असरि सँ प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे ठंढ़ा बढ़ल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार आठ दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग आइ दोसर दिन भागलपुर जिलाक सबौर राज्यक सभ सँ बेसी ठंढ़ा स्थान रहल।

———————————————————————

समाप्त